Advocates for Children of New York
Protecting every child's right to learn

Tënku Coppite yi am ci Càkkutéefu Lijaasa te COVID-19 doon liko waral

Ci liñuy faral di gis, ndongo yi ci New York dañoo waram am 22 keredi (44 keredi ci NYC) te jàll ci joŋante 4+1 ngir mëna am lijaasa ci lekool bu kawe bi. Ngir am ci ay leeral, yëral gindikaayu AFC ci New York graduation requirements & graduation options for students with disabilities. Waaye, li COVID-19 ñëw, Suwe ak Ut 2020 ak Samwiyee 2021 ci lañu fomm joŋantey Regents yi. Réewu New York itam soppi na càkkutéefi lijaasa ndongo yi nekkoon di waaja def seeni joŋante yuñu fommoon.

New York State Education Department (NYSED) gennee na gindikaay bii ak LFÑ bii ci nuñuy fommee joŋantey Regents yu Suwe ak Ut 2020 nan ley indee ay coppite ci càkkutéefi lijaasa yi. NYSED genee na gindikaay ak LFÑ ci fommug joŋantey Regents bu Samwiyee 2021. Ab tënk fii ci suuf.

Keredi kuur yi

- Ndongo yu nekk ci daara yu kawe yi daño wara bokk ci ay wërsëgu njang mu sori bu lekool bi di joxe.
- Fii ak ngay dëppook baaxoo yuñu nàtt ci jamono ji ngay jang ci xaaj bi, da nga wara am ay keredi lijaasa ngir kuur yi.

Joŋantey Regents ak yeneen yuñ ci bayyi 4+1:

Ndongo yi ci tolluwaayi 7 ba 12 bayyi nañ leen ñu baña amal joŋantey Regents yuñu doon waaja def Samwiye 2021 sudee, ci xaaj bu njëkk bu 20220-21, dañoo:

- Jàll ab kuur bu mëna jeex ci joŋantey Regents 2021;
- Defal ab porogaraamu make-up ngir am keredi ci kuur yi; WALA
- Da nga wara def joŋante bii ngir jàll ci njeextalu xaaju 2020-21 bu njëkk bi,
  - → *KARMAT: lii mooy mennum anam bi nga xamantane ci la ab ndongo mënee jot ab njegalu Regents bu Samwiyee 2021 ngir ab kuur buñu binduwul ci xaaj bu njëkk bu atu njangu 2020-21.*

Ndongo yi ci tolluwaayi 7 ba 12 jegal nañ leen ngir ñu baña jàll ci joŋantey Regents yiñu waajaloon def ci Suwe wala Ut 2020 sunu jàllee ci kuur buñ ci boole ci njextalu Ut 2020 te BENN ci yile nekkul woon dëgg:

- Ci jamonoy Sédd wala Tangoor 2020, dañoo nekkoon ci ab kuur buñuy yobbu ci joŋante bi:
- Ci jamonoy Sédd wala Tangoor 2020, jot nañu ab ndimbal bu bawoo ci akademi bi, digley ndollent, jangale ngir waajal joŋante bi;
- Yëgëm nañu lekool bi ni dañoo bëggoon a def wala defaat joŋante bi ci Suwe wala Ut 2020; WALA
- Def nañu wala defaat joŋantey Suwe 2019, wala Samwiyee 2020.

Ay Dakkantal Yokkutey Jaar-jaar ak Xarañaayu Liggéey (CDOS): Ndongo yi waajal ab CDOS ci jamonoy COVID-19 mën nañu am dakkantal bii suñu wone seen xam-xam ak seeni xarañaay yuñu rëdd fii ci baxoo njangu ndorteelu CDOS:

- CDOS TANNEEF I:
  - → Ndongo yi nekk ci yoon wii jegal nañ leen ci ay keredi/waxtu yuñuy waajal amal ci xaaju Seddaayu 2020;
  - → Ci jamonoy atu njangu 2020-21, lekool yi mën nañu joxe njangum liggéey (WBL) ak ay porogaraam CTE yuñuy amal ci net bi. Lekool yi mën nañu joxe ba tey ay dakkantali CDOS donte mënu ñu joxe tuuti ci waxtuy WBL ngir njang mu sori.
- CDOS TANNEEF 2: Ndongo yi ci yoon wii te waajal am lijaasa ci atum njangu 2019-20 dañ leen wara jeggal ci CDOS te jox na ko dakkantal bi ba kerook ñuy daje ak baaxoo njangum CDOS.
- YOONU DOGGU BU SURINTENDANT BI; Ndongo yi amee laago mën nañu am ba tey ab lijaasa ci barab bi ci yoon wii suñuy liggéey ci ab CDOS buy jëfandikoo gindikaay yi.

Nan la njegal joŋante Regents di feeñee ci samay kàddu?

- Ndongo yi am ab njegal dina ñu gis ab poñu "WA" wala "E" bi wetu joŋante ci seen kàddu.
- Dina ñu defar ay doggub Lijaasa Regents Onër / Awansé te duñu bayyi xel ci poñi joŋante Regents yuñu jegale.
- Ay tànnéefi Safety Net dina ñu jàppandi ba tey ci ndongo yi amee laago ak Jangalekati Làkku Angale yi. Ndongo yu amee laago di jëfandikoo Compensatory Safety Net mën nanu jëfandikoo ab joŋante Regents buñu jegal ngir dabuwaat ab poñu joŋantey Regent bu gëna tuuti (45-54).

Suma bëggul aj njegalu joŋante Regent wala ab fommug CDOS, lan la mëna def

Waajur yi mën nanu baña nangu benn njegalu joŋantey wala fommug CDOS. Waajur yi mën nañu bëgga bañ ab njegal wala ab fomm suñu bëggee seen doom des ci lekool bu mag bi te baña am lijaasa bu am ab njegal. Ngir bañ ab fomm wala ab njegal, waajur yu dañoo wara:

- Yónnee ab bataaxal, m-bataaxal wala jukki ci sa lekool. Fexel ba dugal ci:
  - → Turu ndongo li ak bisu juddoom
  - → Turu lekool bi
  - → Turu waajur wi ak leerali jokkoo yi (m-bataaxal, nimero telefon, dëkkuwaay).
  - → Limal joŋante yi wala càkkutéefi CDOS yi nga BËGGUL ñu jegal ko sa doom.
- WALA bindal formileer bi ci xët 3 bu gindikaayu NYSEDbii.
- Ngir ndongo yi ci lekooli NYC Department of Education (DOE), xoolal gindikaayu DOE ci li ñeel bañ ay fomm ak jegal.

> ***Waajur yi mën nañu bañ yenn njegal yi wala fomm yi te nangu yeneen. Waaye, so bañee ab njegal wala fomm, doo mëna laaj ñu jëfe ko ci kanam.*** *Ndongo yi, ak at fu seen at mëna toll, mën nañu bañal seen bopp ab njegal wala fomm*

Yemaley Daara ju Kawe ak TASC

Ay santari testu TASC yu bari daño tëj te liko waral doon COVID-19. Ngir xool ndax am na a santar bula jege bu ubbi, bësal fii.

Li ci ëpp, ndongo yi génn daara ju kawe ji te amu ñu lijaasa mën nañu am ab lijaasa HSE suñu jàllee ci joŋantey Regents wala ay test yu ndàw yu TASC ci juróomi barab (jàng, bind, math, njangum sosiyaal ak xarala). ***Liy faral di am, ndongo yi dañuy wara jàll ci gën gaa neew benn test TASC bu ndàw.*** Ngir am yeneeni leeral, yëral bii NYSED LFÑ.

Waaye, bi santari test yi di TASC tëjee ndax COVID-19, mën nga am ab lijaasa HSE te doo def benn TASC wala yeneenjoŋante sudee da nga:

- Bindul ci ab porogaraamu Yemaley Daara ju Kawe (melni P2G); AK
- Ci 3 wala yeneen barab, nga:
  - → Am ay poñ yuy tax nga jàll ci joŋantey Regnts, ak/wala
  - → Am Jegali joŋantey Regent; ak/wala
  - → Jàll ci TASC wala poñi GED yu ndàw:
- Ngir bépp test yu ndàw yu dés, defal ay nàtt yu ay jangalekat joxe ci tomb bu nekk.

Ba ci li weesu diiru janp gii, sudee ab kàddu dafa wone ni dañ la jegaloon ci benn wala yeneen joŋantey Regents te COVID-19 waral ko, di nga mën am ab njegal ci testu TASC bu ndàw boobu.

Ngir am yeneeni leeral ci njegali COVID-19 TASC, yëral gindikaayu NYSEDbii.

KARMAT: Ndongo yi mën nañu bindu ci ab porogaraamu Yemaley Daara ju Kawe ci NYC ci m-bataaxal ReferralCenters@schools.nyc.gov

Këyitu jëf ji nekkul ab tektalu yoon. Këyitu jëf jii dafay jéema tënk sàrt yi nekk wala yoon yi te du wax ci xalaatu AFC. Soo amee ab jafe-jafe ci wàllum yoon, jokkool ak ab porokirër wala ab awoka.

AqiSos © Nowambar 2020 bu Awoka Xaley New York, Inc.